
# Tontu askan wi ci jàpp bu ICE di def :

## Tegtal bu toppante

**ci Eugene Nam, Avoka bu mag, bu Interfaith Center of New York**
**Awril 2026**



*Paul di seeti Saant Pyeer bir kaso, ci Filippino Lippi (1482), ci Santa Maria del Carmine (Wikimedia Commons).*

Xarit yi, njaboot gi ak njiit yu diine dañuy daje ak jafe-jafe bu metti ci tontu jàpp ak téye yu ICE di def ci askan wi. Nit ñi am kayit te mën a wax angale—ni njiit yu diine ñu bari—seen ndimbal am na solo lool.

Jot ci njiit ak sarwiis yu diine, ni jot ci avoka, mooy sañ-sañ bu yoon may. Loolu tax liggéeyu njiit yu diine ñi jébbalu ci dimbali ñi ñu tëj am njariñ lool, ndax ñu bari duñu am ndimbal walla xam-xam bu leen di jàppale ñu génn.

Tegtal bii dafay wone ay jéego yu am solo ngir jàppale nit ñi ñu tëj ci immigration: gis fu nit ki nekk, tëral ndimbal, ak jàppale ci ñaan ngir mu génn (caution, parole, habeas corpus).

Jëfandikool li ci suuf ngir gis ndigal yu jëkk-ci-jëkk ak lëkkalekaay yu mujj ngir am xam-xam yu gën ci mbir yii:


1. **Seet fu ñu tëj nit ki** (xët 3)
2. **Dimbali ngir am avoka** (xët 4)
3. **Daje xaalis ci askan wi** (xët 5)
4. **Dimbali ngir ñaan génn ak caution** (xët 6)
5. **Seet wàllu génn ak habeas corpus** (xët 6)
6. **Xalaat ci ñaan parole humanitaire** (xët 7)
7. **Organise seeti yi** (xët 8)
8. **Yónnee xaalis ci kaaso bi** (xët 9)


Gindikat bi itam wax na **ci waajal bu jiitu** (xët 9) bi ay mbooloo war a def ngir waajal seen bopp bu baax ci kanam jafe-jafe yu mën a am bu ay nit nekk ci risk ICE jàppalen.

*Lii bokk na ci gindikat bu gën a yaatu bu ñu jagleel ay mbooloo yu diine yu bëgg a nekk ay bérab yu kaaraange ngir doxandéem yi. Seetleen gindikat bu mat si mbir yu bokk ak lii, mel ni naka lañuy saytu bérabi mbooloo yi ak ni ñuy joxe ndimbal bu diine ak bu askan wi ci anam bu wàññi risku jàpp ak wutale yu ICE walla yeneen jëf yu jëm ci saytu mbirum doxandéem; te itam naka lañuy gën a yombal ngir dooleel politig yi di aar askan yi ci kanam ICE.*

## 1. Gis fu ñu tëj nit ki (jëfandikoo "ICE Detainee Locator"):

ICE am na benn site bu nga mën a jëfandikoo ngir xam fan lañu tëj nit ki. Mën nga ko seet ak numéro A-am walla ak xam-xam ci mbirum nit ki (ni turam, atam, ak yeneen).

**Seet ci numero A bi:**


Bu xamey numéro A u nit ki ñu tëj, ICE digle na nga jëfandikoo seet gi ci numéro A bi. Numéro A bi war na mat juróom-ñeent (9) lim. Su numéro A bi amee lu gëna néew juróom-ñeent, nga yokk zero (0) ci kanamam. Bul fàtte tànn itam réewum juddu nit ki. (* Wàllu bu war a yéeg).

**Seet ak tur ak yeneen xam-xam:**

Su nga seetee ak tur, war nga bind tur ak saantu nit ki ni mu mel dëgg-dëgg. Ndax sistem bi du gis nit ki su tur bi amee njuumte.

- Ex: “John Doe” du gis “Jon Doe” walla “John Doe-Smith”
- Su tur bi am tiré, war nga ko bind itam (ex: “Doe-Smith”)

Bul fàtte tànn réewum juddu nit ki Itam.



**Search by A-Number**

If you know the detainee's A-Number, ICE recommends you use the A-Number search. The A-Number must be exactly nine digits long. If the A-Number has fewer than nine digits, please add zeros at the beginning. You are also required to select the detainee's correct Country of Birth. (* Required Field)

A-Number: *

A-Number

Country of Birth: *

-- Select a Country --

Search by A-Number

**Search by Biographical Information**

When searching by name, a detainee's first and last names are required and must be an exact match (e.g., John Doe will not find Jon Doe or John Doe-Smith). When inputting a hyphenated last name into the Online Detainee Locator System, please include hyphen in order for the locator to find the individual (e.g., Doe-Smith). You are also required to select the detainee's Country of Birth. (* Required Field)

First Name: *

Last Name: *

Country of Birth: *

-- Select a Country --

Month: Day: Year:

Search by Biographical Information

https://locator.ice.gov

Bu fekkee gis nga fu mu nekk, nga seet centre de détention bi ci liste u ICE. Foofu nga **mën** a fekk ay sàrt yu jëm ci avoka, njiit yu diine, gan ñi, ni ñuy yónnee bataaxal ak ni ñuy faye caution walla yónnee xaalis.

(Sàrt yi ci bérab yu ICE di tëj nit yi indi **nañu** jafe-jafe yu bari, ndax ay kampani privées lañu di saytu bérab yi. Dinañu dellu ci mbir mii ci yeneen gindikat ngir yokk xam-xam).

## 2. Dimbali ngir am avoka

Li gën a wóor mooy ne askan wi am avoka bu mën a dimbali nit ki walla bolle ko ak keneen.

Waaye dafay jafe ngir gis avoka ci bérab yu sore yi ICE di jàpp nit ñi. Immigration Advocates Network am na benn repertwaar bu mën a jàppale ñi ko bëgg seet avoka ak sarwiis yu yoon, te mën nañu ci gis ñi di liggéey ci bérab bi ñu jëfandikoo.




https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory

Avoka yu bare yu di liggéey ci bénévolat dañuy sonn lool, moo tax nit ñi ñu bari dañuy war a fay ngir am avoka. Na ngeen moytu fraude yi ci wàllu immigration. Fàww ngeen seet turu avoka bi ci internet ngir xam ndax avoka la dëgg-dëgg akk fan la bokk. Mën nga jëfandikoo itam:

- **American Immigration Lawyers Association search engine**
- **National Immigration Project Members Directory**
- **Refugee and Immigrant Fund List of Legal Providers**

Buro élu yi itam mën nañu dimbali. Mën nga jokkoo ak sénateur, député walla njiit yu dëkk.

Ay biro yu bare yu njiit yi am nañu ay jëfandikati kaaraange yu mën a jàppale ak ndimbal ci mbiru yoon. Mën nga jéem a jokkoo ak biro yu njiit yu jàppale immigrant yi (pro-immigrant) ci Senat walla House of Representatives, ak itam njiiti dëkk ak njiiti state, ngir laaj ndimbal.

Mën nga leen a bind walla woo leen ak bataaxal bii:

"Sama tur mooy [**tur**], dama nekk [**liggéey**] ci [**birep**], benn [**mbooloo diine**] bu jàppale [**limu nit ñi ñu jàppale**] ci seen district. Kenn ci sunuy mbooloo ICE jël na ko ci [biss bi] bi mu nekkee [**yéenekaay**]. Ñun danuy laaj ndimbal bu gaaw. Nanga nu jot ak [**contact]**."

Ñi dëkk New York mën nañu jëfandikoo dalal bi **mygovnyc.org** ngir gis seen njiit yu city, state ak federal.

## 3. Tambali Daje le xaalis ci askan wi

Jàppale nit ku ñu tëj ci immigration dafay laaj xaalis bu bari, moo tax askan wi war a boole seen doole. Xaalis bi mën na jëfandikoo ngir jël avoka, fay li tax ñu bàyyi nit ki, jox kaaraange ci commissariat bi ñu ko tëj, walla dimbali ko ba mu génn. Mën ngeen jëfandikoo GoFundMe walla ay platform yu mel ni GiveButter ak Chuffed.

## 4. Dimbali ngir ñaan génn ak caution

Nit ñi ñëw ci visa walla parole te amuñu *casier judiciaire* mën nañu ñaan génn ak caution. Su ngeen mën a wax ak nit ki, digël ko loolu.

Ñaan gi jëkk dafay dem ci agent bu ICE. Bu ñu bañee walla laaj **xaalis bu bari**, mën nañu ñaan juge immigration. Mën nga xam kurug àtte bi ak juge bi ci site web bu *Executive Office of Immigration Review* bu nga duggelee numéro A ak réewum juddu bi.

Avoka mooy lu gëna baax ngir doxal dossier bi. Avoka yi dañuy laaj diggante 1000 ba 3000 dollars ngir ñaan caution ak taxawu nit ki ci audience bi.

Caution bi dañu koy def ndax ragal ne nit ki dina daw walla mu mën a lor askan wi. Waa kër ak mboku diine mën nañu joxe sedde ngir wone ne nit ki am na jikko bu baax ak lëkkal bu baax ak askan wi.

Caution bi mën na doon diggante 1500 ba 25000 dollars.

## 5. Seetlu ñaan "writ of habeas corpus"

Su gouvernement bi di tëj nit ki ci lu àndul ak yoon, mën na am ndam ngir génn ak benn ñaan bu ñu tudde *writ of habeas corpus*.

Ci misaal, Administration bu Donald Trump jox na ndigal Immigration and Customs Enforcement (ICE) ak ay kurug àtte yu immigration ngir bañ a jox caution ñépp ñi amul kayit te dugge réew mi te amuñu visa walla parole— ñi fi dëkk ba noppi ay at te amuñu benn casier judiciaire ci la ñu bok. Politik boobu dafa wéyul ak yoon, te bare ci mbiri habeas corpus yi, te kurug àtte yu féféral yi wone nañu loolu. Waaye, yoon yu lëj ak ay sàrt yu jafe-jafe yi tax na ba ñu bari ci ñi ñu tëj te ñu bañ leen caution dañuy wara dem ci kurug àtte bu féféral ngir ñaan habeas corpus, ndax liggéeykat yi ci ICE ak kurug àtte yu immigration dañuy bañ a joxe caution, doonte sax yoon may leen ko.

Am na ñu génn ci kaaso ndax ñu jëfandikoo habeas corpus, gannaaw ba ICE dindi seen ndigal u "supervised release" ci lu leerul, ba noppi jàppat leen. Am na it ñeneen ñu ñu jàpp ndax dañu jëfandikoo sañ-sañ yu Constitution bi may, ni sañ-sañu wax (free speech).

Ñaan writ of habeas corpus bi dafa war a dem ci kurug àtte féféral bu nekk ci bérab bi ñu tëj nit ki nekk. (Mën nga jëfandikoo ICE detainee locator ngir xam fu mu nekk.).

Su jàpp gi amee ci bérab bu jàppale doxandem yi ni New York City, baax na ñu gaaw a def ñaan gi bala ñu yóbbu nit ki ci bérab bu gëna sore walla gëna metti. Waaye su ñu ko yóbbu ba noppi ci Texas, Louisiana walla Mississippi, jël avoka ngir ñaan habeas corpus mën na baña am njariñ bu bari.

Avoka bi ngay jël ngir def ñaan gi war na am ndigal ci kurug àtte fédéral bu bérab bi ñu tëj nit ki nekk. Avoka yu bari dañuy laaj diggante 5000 ba 10000 dollars ngir def habeas corpus ak taxawu nit ki ci yoon yu ci topp.

Nit ku manul jël avoka mën na jéem a ñaanal boppam (pro se), te kenn ci njabootam walla mbooloom diine mën na def ñaan bu ñu tudde "Next Friend". Su ngeen soxla def loolu, baax na ngeen jokkoo ak biro bu clerk bu kurug àtte fédéral bi walla ak ay njiit yu jàppale immigration ngir am ndimbal.


## 6. Xalaatal ñaan "humanitarian parole"

Nit ñi ñu tëj te am ay jafe-jafe yu am solo ci walu wér-gu-yaram (ni jàngoro bu tar bu soxla ndimbal bu gaaw) mën nañu am ndam ngir jëfandikoo "humanitarian parole". Ni ci ñaan caution itam, dañuy seet ndax nit ki mën na daw walla mu mën a lor askan wi — te waa këram ak njiiti diine mën nañu joxe seede ngir wone ne loolu du am.

**7. Sàmpal ñeneen ñu ñëw set ci la**

Seet njiit yu diine ak ay xarit yu nekk citoyen amerik mën na doon ndimbal bu am solo ci xol, te itam joxe xibaar yu am njariñ ci nit ku ñu tëj ci biir immigration. Xarit yu am citoyenneté amerik mën nañu doon benn ci ay jokkoo yu rafet ak nit ñu bari ci bitim réew, rawatina bu seen njaboot amul papiers walla nekk ci bitim réew.

Jëfandikoo ICE detainee locator ngir xam bérab bi ñu tëj nit ki. Gannaaw loolu, seet sàrtu ndëkk yi ci bérab boobu ci site web bu ICE. Ci mbir mii, sàrt yi mën nañu wuute ci ni avoka, njiiti diine, ak njaboot yi mën a seeti nit ki. Ñu jàppale ko ci jëfandikoo waxtu yu ñu mën a seeti nit ki.





Sàrtu set (visitation) Orange County Jail ci New York

## 8. Yónnee xaalis ci commissary

Nekkin ci bérab yi ICE di tëj nit ñi dafa meti ba jeggi dayo, te ñi ñu tëj ñu bari dañu war a jënd seen soxla yu ndaw ni lekk, sabbu, ak garabu metit ci commissary yi, yu ay kampani yu bëgg xaalis di doxal di saytu kasso yu immigration yi.

Ndigal yu jëm ci ni ñuy dugal xaalis ci compte commissary bu nit ki ñu tëj mën nañu gis ko ci xët bu bérab detention bi ci site web bu ICE, bu baax ci wàllu "Sending Items to Detainees."



U.S. Immigration and Customs Enforcement

Call 1-866-DHS-2-ICE to report suspicious activity

Report Crime

About Us | Enforcement and Removal Operations | Homeland Security Investigations | Newsroom

ICE › DETAIN › DETENTION FACILITIES

Delaney Hall Detention Facility

Newark Field Office

Contacting a Detainee | Legal & Case Information | Hours of Visitation | Sending Items to Detainees | Press & Media | Feedback or Complaints

Letters sent to detainees must include the last four digits of the detainee's A-number (File Number), plus the sender's name and address. To enhance the safety of the facility, all incoming mail is subject to screening for contraband. The mail is not read upon opening, only inspected by the delivery officer. Detainees may send mail from the facility. Detainees may seal their outgoing letters and place them in the provided receptacle. All incoming mail will be delivered to the detainee, and outgoing mail will be routed to the proper postal office within 24 hours of receipt by facility staff. A mail pick-up and delivery schedule are posted in all housing units.

Detainees are allowed to purchase stamps for use. Generally, there is no limit to the amount of correspondence detainees may send at their own expense. Indigent detainees (those who have no means of financial support and no funds in their facility account) will be provided postage allowance at government expense.

When detainees depart the facility or are transferred to another facility, only their legal mail will be forwarded to them. General correspondence will be endorsed "Return to Sender" and returned to the post office.

Money is not to be given directly to the detainee. Money can be placed on the detainee's account by calling Access Corrections at 1-866-345-1884, or via the Access Corrections website and reference detainee name and A number. Detainees are cautioned not to have cash sent to them in the mail.

Detainees may submit a request to receive property at the facility for release. Once approved, drop-off times for property are as follows:

> Monday, Wednesday, Friday – 5 p.m. to 8 p.m.
> Saturday, Sunday, and Holidays – 8 a.m. to 4 p.m.

The total amount of property in storage may not exceed 40 lbs. The facility will only accept personal clothing items for the detainee. No items of value or clothing for anyone other than the detainee will be accepted. The following items will not be accepted during property drop-off: Electronic devices (cell phones, laptops, tablets, etc.), Jewelry, or any item considered to be contraband.

**Ndigal yu jëm ci ni ñuy mën a dugal xaalis Delaney Hall ci New Jersey**

## Waajal jafe-jafe yu jëkk (Emergency Planning)

Njariñ am na ci askan di waajal jafe-jafe yu mën a am ak ICE, sax bala benn jàpp am. Loolu am na solo loolu, rawatina ci immigrant yi am risk bu mag, mel ni ñi ñu jel sene empreinte ginnaaw jàppum police, walla ñi am rendez-vous ci kurug àtte bu immigration ak ICE ci bérab yu fédéral yi, fu ICE di jàpp nit ñi lu ci bare.

Ci lolu, war ngeen digël nit ki mu:

- Fàttalikoo benn numéro téléphone—bu gëna baax mooy numéro avoka bi. Waaye bu loolu munul nek, mën na doon numéro bu kenn ci njaboot bu am kayit, xarit, walla njiit diine. ICE dafay jël téléphones yu nit ñi, moo tax fàttalikoo numéro am solo ngir mën a jokkoo ak bérab yi ci bitti**.**
- Yebal app bi "ReadyNow", buy jàppale ñi am risku jàpp ICE ci waajal jafe-jafe: jokkoo ak contact yu am solo, jëfandikoo ndimbal yu yoon, ak ndigal yu jëm ci xale yi, xaalis, ak kaaraange bopp.

- Defay waajal ci wàllu xale yi bu baax, te tànn kan mooy wottu xale yi su jafe-jafe amee.
- Jokkoo ak njiit yu politig yu jàppale doxandem yi, rawatina bu nit ki amul avoka. Nit ki mën na itam def kaaraange (privacy waiver) bu may biro yi jot ci ay xibaar yu jëm ci dosiye bi.

Njiiti diine yu nekk citoyens amerik itam mën nañu def:

- And ak immigrant yi ci kurug àtte walla ci rendez-vous yu ICE.
- Bind seen tur ngir nekk njiit u diine walla chaplain ci bérab yu ICE yu nekk ci kaw, ngir mën a def ndëkk yu diine, doonte seen mbooloo amul nit ku ñu tëj. *Catholic Prison Ministries* dafay doxal jëfandikoo diine ci bérab yu ñu tëj, te yeneen diine itam mën nañu jëfandikoo ndimbal bu mel noonu ci seen mbooloo.

**Laaj?** Jokkool ak ICNY Chief Counsel Eugene Nam ci:

**eugene@interfaithcenter.org**